

Apokalips Chapit 5, Premye Pati

61-0611

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1. Mèsi anpil, Frè Neville. Se pou Seyè a beni w, frè m.
2. Bonjou, zanmi m yo. Se yon plezi maten an, se yon privilèj, oswa pito yon gran privilèj, m ta dwe di, pou retounen isi a nan tabènak la ankò e pou gen tan sa ki konsakre pou adorasyon matinal epi a kominyon nou alantou Pawòl Seyè a. Mwen kwè yon fwa yo te di : ``Mwen te nan lajwa lè yo te di m : ‘Ann al lakay Seyè a.’`` Pou n ka avèk Frè Neville ankò, epi avèk bon ak presye zanmi m yo.
3. E mwen panse li fè enpe frèt, oswa enpe cho dèyè a laba. E nou genyen, mwen panse, kèk evantay nou ka itilize ak men nou, konsa. Si—si...nou gen evantay yo, se noumenm pou ki asosye motè a, pou jis kenbe yo an mouvman. Oswa nou gen anpil pa isi a, m kwè yo genyen yo ankò. M wè gen moun k ap vante tèt yo avèk liv chan e latriye. E se...youn nan bagay pou kisa n ap eseye gen reyinyon, se pou nou echape pita a kote sa yo ki fè--fè cho yo. Kidonk nou...Se poutèt sa nou isi a maten an, se pou noue vite kote sa yo. E sèl bagay ki pou rann sa posib, se San Seyè Jezikri nou an ki fè sa.
4. Apre sa, mwen te trè kontan tandè bon rapò legliz la, ki jan li ap pwogrese, nan mach li ak Senyè a, ak ki jan Bondye

trete ak nou nan don espiyèl yo. E mwen sètènman trè

rekonesan anvè Bondye pou kè sensè nou ke Li ka trete ak yo, epi

mwen kwè ke Li va kenbe nou drèt nan mitan chimen dwat epi

etwat sa, pou ke nou pa ekate nou de Sa ni adwat ni agoch.

5. Epi mwen vle remèsye Frè Colvin ak pitit fi li a, mwen

kwè ke se te sa, ki te moute isit la kèk moman de sa ki te chante

chante sa a, Pa gen dlo nan syèl la. Sa bèl. Mwen sètènman

apresye sa.

6. Epi jan Frè Neville te di sou li ak mwen de sa gen plizyè ane, e mwen ka di sa konsènan Frè Colvin, nou konn youn lòt depi plizyè lane. Epi pou tandè l 'chante ansyen chante Levanjil sa yo epi elve pitit li yo nan chemen Senyè a, sa fè kè m kontan anpil. Sa fè m kontan lè m konnen Bondye toujou gen moun ki renmen l epi pran swen li. E nou rekonesan pou sa.

7. Kounye a, depi lè m retounen an, mwen tandè anpil moun te batize nan Lafwa a, e nou tèlman kontan pou sa. Mwen wè bon zanmi m lan, Frè Elmer Gabehart dèyè a la. Mwen konprann ke li te jis batize nan Lafwa a, e mwen sètènman rekonesan pou sa. Sa fè tout ansyen ekip lachas nou yo laba nan Kentucky jis pare, nou jis rete pou n pran limit la ki otorize kounye a, èske se pa sa?

8. Mwen sonje (Epi mwen konnen Rodney ap koute m 'nan

Chanm ki nan fon an, si l déjà la, epi men Charlie ki chita devan m lan.)

lè nou te konn ale laba. Ti mesye yo tout te renmen, "Ebyen, se ekirèy," yo te pran kèk an plis si yo te ka jwenn yo. E mwen te vinn pale ak yo e mwen te di yo ke sa pa t bon. Kifè, kounye a yo...tout gwoup la jis konvèti kifè, mwen devine nou pral jis genyen pou deplase nan pwochen konte a epi mete yo nan bon chemen laba. Sa t ap trè byen.

9. Kifè, pafwa, tankou chak minis, mwen voye yon kout je gade dèyè, sou chemen nou te mache a, epi poze kesyon sou bagay yo—yo, nou mande tèt nou si—si nou te simaye Grenn lan.

10. Nou... anpil nan nou byen konnen Johnny Appleseed nan... nan Amerik la. Ebyen, te gen yon—yon nonm tou nan peyi La Syèd ki te konsidere tankou yon bagay konsa, li te konn plante flè. Epi yo di se poutèt sa yo gen anpil bèl flè nan peyi La Syèd kounye a, ak paske li te konn simen grenn flè yo, nenpòt kote li te kapab jwenn yon moso tè kote grenn lan ta pouse. Li te renmen flè kifè li te jis simaye grenn yo toupatou. Li pa la nan monn lan ankò men flè li yo toujou ap viv.

Yon fwa nou pati nou kite dèyè nou

Anprint sou sab tan an;

Anprint mach pye, ke petèt yon lòt,

Pandan l ap navige sou lanmè solanèl lavi a,

Yon frè malere ki fè nofraj,

Ki wè sa, pral rebran kouraj ankò.

11 Epi se sa nou tout renmen wè, yon bagay ke nou te fè k ap lakòz pou—pou lòt moun benefisye sa nou fè.

12 Sa gen kèk jou, mwen te chita, m ap pale ak yon ti zanmi fidèl mwen genyen isit la nan vil la, yon doktè, Sam Adair. Epi li di: "Ki jan w ye, Bill?"

13 Epi, mwen te di, "O, trè byen, mwen kwè, Dòk." mwen te di;

"E oumenm?"

14 Epi li di: "Oh, mwen gen anpil pasyan." Li di: "Mwen te resevwa kenz pou egzamen apremidi a."

15 Mwen te di, "Ebyen, se bon osi lontan ke se jis egzamen epi yo pa jwenn anyen ki mal." Mwen te di, "Ou konnen, la..." Nou te pran pale de lè nou te ti gason. Epi, mwen te di, "Ebyen, Doc, mwen pa konnen jis konbyen tan mwen rete pou m viv. Nou tou de nan senkant nou yo."

Epi li di: "Se vre, Bill."

16 Epi, mwen di: "Men, pandan tout ane sa yo, apeprè trantyeennan ministè kounye a, mwen te kenbe kè m 'pare pou lè sa a lè Li vini. Kifè, li pa enpòtan lè li vini." Alò, li di, "Se vre."

Mwen te di, "Pi gran jwa mwen genyen se kapab viv pou lòt moun."

17 Epi li di: "Se sa lavi a ye, se sa ki fè lavi a reyèl, se lè ou... se pa sa ou ka fè oswa akonpli pou tèt ou, men kisa ou ka fè pou lòt moun."

18 Gade, se lè sa a ou vrèman ap viv. E, si ta rive gen yon moun nan mitan nou ki pa janm fè sa, eseye viv pou yon lòt moun, eseye fè l, epi jis gade ki kantite plis lavi rezève pou ou lè ou pa p ap viv pou sa ke ou k ap tire nan lavi pou tèt ou, men pou sa ou ka bay yon lòt moun nan lavi. Epi ou pral wè ke li gen plis benediksyon pase richès oswa nenpòt bagay nan ... ke ou kapab imajine. Se sa ou ka fè pou yon lòt moun ki fè chay lavi a...An fèt, lavi pou kont pa l se yon chay. E sa pral fè li yon ti kras pi lejè pou yon lòt moun. Ou jis p ap ka konprann lajwa sa sof si ou te eseye yon fwa, fè yon bagay pou yon lòt moun.

19 E alò, sa mennen m a panse a tranteyen lane (se trè byento) nan ministè m pou Senyè a. E, mwen panse ke tout moun detanzantan chak moun panse a moman lè li gen pou fè dènye sèvis li, lè dènye lè li a va rive, e li va voye je gade dèyè sou chemen an pou wè sa ki te akonpli, sa ki te pase, "Èske w te fè yon bagay?" Epi si...Mwen fèk di, se sa ou fè pou lòt moun ki konte.

20 Souvan mwen mande tèt mwen kijan sa pral ye lè m rive nan fen

wout mwen, e nou pa konnen ki lè sa pral rive, okenn nan nou. Se a sa ke m t ap panse epi m te voye je m gade dèyè sou chimen kote m te mache a nan lavi e m te wè diferan ti mòn yo, ak touf bwa pikan yo, ak wòch yo ak chimen difisil yo, ak chimen fasil yo, ak sa mwen te fè nan tan sa yo. Tout sa pral parèt youn nan jou sa yo lè lè a rive pou m ale. E li pral konsa pou nou chak. Nou tout mèt sèten de sa, ke sa pral--sa pral parèt devan nou chak lè lè sa a rive.

21 Epi sa mennen m oswa pouse m di yon bagay ke mwen ta pito vle evite olye pou m pale de li. Li mennen m di yon bagay ke mwen... Sa brize kè m jouk nan fon pou m di li, men sa m'ap di a mwen oblije di l, antan m konsyan ke sa a ap anrejistre epi mond lan pral tande li, men mwen kite ministè a pou yon—yon kòz mwen regrèt mwen gen pou kite. E petèt anpil nan nou te tande li, mwen fèmen biwo m lan, e latriye, epi mwen kite chan misyon an.

22 M pa konnen ki kote Seyè nou an pral kondwi mwen, e sa m pa gen okenn kontròl sou li, sou sa L vle m fè. Men m ap panse a fen wout la ki devan m lan. Sou chimen lavi a, mwen te fè anpil erè ke mwen regrèt anpil nan kè m, paske, mwen devine, mwen se imen e ki gen feblès e latriye, lakòz yon moun fè bagay oswa di bagay...e menm aji yon fason kontrè a sa yo ta swete. Men, se feblès yon èt imen, ebyen, nou—nou gen moman sa yo. Men, gen...

23 Si gen yon bagay nan kè m pou m fè, se tande Pawòl Seyè nou an Jezi nan fen vwayaj sa a, pou m tande L di: "Ou te byen fèt, bon sèvitè fidèl Mwen an." Epi anpil fwa mwen te di mwen ta renmen mwen te kanpe la lè Li te di: ``Vin jwenn mwen,`` men dezi mwen se tande Li di: "Ou te byen fèt." Anfèt, mwen pa t tande Vwa orijinal sa, ki te di, "Vin jwenn Mwen," nan epòk yo te konn ekri Bib la; men mwen vrèman anvi tande Li di: "Ou te byen fèt."

24 E si gen yon bagay mwen te toujou anvi ye, epi dezire nan kè m, se pou m te yon vrè sèvitè Jezikri, Senyè ak Sovè mwen. Mwen vle temwayaj mwen an pwòp, klè, nan sans ke mwen te kanpe djanm, e ke malgre tout erè m yo, mwen te toujou renmen l ak tout kè m. E, m ap fè sa a maten an ak tout kè m.

25 E, akòz de sa, sa fòse m di m ap kite ministè a, paske gen yon bagay ki leve nan mitan moun yo ki te fè m fè l, sa vle di, ke yo retire m nan ran mwen kòm yon "minis" oswa yon "frè" epi y ap rele m Jezikri, epi kifè y ap rele m... e sa t ap fè de mwen yon antikris. E, mwen ta prefere rankontre Bondye kòm yon lach pito mwen ta rankontre L kòm yon antikris ki ta pran plas Li.

26 Mwen te tande pale de sa kèk—kèk ane de sa e mwen te panse se te yon blag. Apre sa, mwen te rankontre kèk frè (mwen pa wè youn nan yo nan reyinyon an maten an), de oswa

twà nan yo yon sèl fwa nan yon vwayaj lapèch, epi yo pwoche bò kote m epi yo abòde sijè sa avè m, yo di, "Frè Branham, èske se pa ou ki Kris wen an?

27 Epi, mwen pase bra m nan kou tou de frè yo, oswa, yo tout, epi mwen di, "Frè m yo, byen ke mwen te eseye vin yon veritab sèvitè Kris, mwen pa ta vle nou di yon bagay konsa. E, si yo ta janm di sa de mwen, Lè sa a, m ap kite chan misyonè a ak yon konsyans trankil, epi nou menm ki fè sa yo pral rann nou responsab pou chak nanm ke mwen te ka sove pandan tan sa a; ou wè, poutèt nou fè m kite chan misyonè a." E, mwen te panse ke sa te fini la.

28 Apre sa, mwen te tande sa kèk fwa ankò. Men se pa t fò konsa. Epi lòt jou la nan Kanada yon frè te montre m yon ti tikè nan yon bagay li te mete nan pòch li, ki di "William Branham se Seyè nou an," li batize nan non William Branham. E yon ti... yon presye... Si se te yon lènmi, si se te lènmi mwen mwen t ap konnen se te yon blag. Men, yon presye frè byenneme ki vin konfese peche li yo ak mal li yo epi pwoklame lafwa li nan mwen kòm Jezikri.

29 E, mwen gen lèt lakay mwen, ak apèl ki soti nan Chicago ak diferan kote, k ap mande m si mwen kwè dògm sa.

30 E, mwen te resevwa tout kalite lèt ki te rive nan dènye jou sa yo, avèk apèl ki soti nan diferan kote, de moun k ap di ke mwen te Kris la. Frè m yo, se yon manti dyab la ki terib, ki fè wont, ki enpi! Ou wè? Ou wè, mwen se frè nou. Bon, sa t ap fè nenpòt moun kouri kite chan misyonè a. Sa t ap fè nenpòt moun ki renmen Kris kouri kite bagay la menm.

31 Sa pa gen lontan mwen te ale bò kote Seyè a, lè m te tande sa pou premye fwa, anviwon yon lane de sa. Apre sa, mwen te ale bò kot Seyè a epi Li te refere m Lekriti ki di lè Jan te vin ap preche, ke yo pa t gen yon pwofèt sou tè a depi anpil lane, jiskaske li ta... yo tout te sezi nan kè yo, yo te panse petèt Jan se te Mesi a. Kifè alò, mwen... Jan, yo t ale epi yo te mande l, epi li te di ke li pa t sa. Nou mèt li sa nan Lik chapit 3, vèsè 15 lan. Kifè alò... Men, sa on jan kalme, e mwen kite sa tonbe konsa.

32 Men lè nou te rive a sa, mwen te konnen yon bagay dwe fèt. Apre sa, mwen di sa a, "Ke vizyon yo ak zanj Senyè a ki te parèt bò larivyè a," (si sa a ta dwe dènye mesaj mwen oswa

dènye bagay pou legliz la, pou mond lan) “bagay sa yo se Laverite, pou sa k konsène zanj Seyè a.”

33 Epi anpil fwa, mwen te rete trankil si moun yo te rele m yon pwofèt, paske yon pwofèt nan testaman an angle a se jis “yon predikatè, yon moun k ap pwofetize, predi Pawòl la,” elatriye. Mwen te ka sipòte sa paske nou te ka jis pase sou sa; men lè sa rive pou yo te rele m “Kris wen an,” oswa yon lòt bagay, sa te twòp pou mwen. Kifè, mwen jis pa t kapab sipòte sa.

34 Kifè alò, anviwon... Mwen vini... Apre mwen fin kite reyinyon an nan Kanada, mwen te dekouvri ke jouk nan nò nan mitan Eskimo yo oswa Endyen yo ki abite la, bagay sa te glise antre nan mitan yo.

35 E kifè sa te jis dechire m nèt. Epi vwayaj lachas ke mwen te planifye depi tèlman lontan an, mwen pa t kapab fè l ankò. Mwen te pè fè yon aksidan lachas, si nou konprann sa mwen vle di a. Mwen te vin tèlman ap tranble, pi mal pase jan mwen kanpe isit la kounye a. E, mwen jis pa t kapab sipòte sa ankò, pou wè trantheyen lane ministè te twouve l konsa nan tiyo goutyè dyab la, nan... Lè m ale, kisa yo pral di? “Men sitistasyon li, se egzakteman sa sa te ye”; ak tout enflayans ke mwen te gen sou moun yo, alò nou ka imajine kisa fen an ta ye, mwen ta dwe yon antikris. E mwen jis pa t kapab sipòte li!

36 Mwen te di: “Mwen ta pito mouri isit la nan rakbwa a, tankou tonbe sou fizi mwen oswa yon bagay konsa, pase...” Epi mwen te wè mwen te... Lè sa a, mwen te panse a ti Jozèf mwen an, e latriye, ke m te dwe elve. E mwen pa t nan okenn kondisyon pou lachas, kifè mwen te jis kite rakbwa a epi mwen tounen lakay mwen.

37 E mwen te boulvèse pandan anviwon uit oswa dis jou, nan yon eta konsa opwen ke mwen—mwen te panse mwen t ap pèdi tèt mwen. E, mwen te jis mande tout moun rete lwen mwen epi kite m poukont mwen, paske mwen te nan yon eta nèvozite epi boulvèse epi dechire an miyèt moso.

38 Epi mwen t ap poze tèt mwen kesyon; si se ta youn nan lènmi m yo, se pa t ap grav, men mwen t ap jis ri sa epi al fè wout mwen; men lè sa soti kot frè ki gen anpil valè, sè ki gen anpil

valè, alò se sa ki fè m mal la. Epi mwen te di: "Seyè, gran an... se twòp pou mwen, mwen pral jis oblije retire m epi kite sa nan men Ou. Mwen—mwen pa konnen anyen ankò pou m fè."

39 Sa gen kèk sware, pou m asire w, mwen te gen yon—yon vizit

Seyè a. E mwen te wè moun ki presye ap dòlote yon—yon ti sèpan, ki

te jòn e nwa, epi yo t ap pale avè m, jis la a, epi bagay sa, reptil la te mòde m nan janm. Men, san m te tèlman rich li pa t gen okenn efè sou mwen. E lè m te gade, kote l te mòde m lan se yon kote yo te deja mòde m anvan. E mwen te vire tounen byen vit epi mwen te tire sou reptil sa--sa, ak yon fizi epi sa te frape l nan mitan kò li.

40 Epi yon frè te di...Mwen te vire tounen ak fizi mwen pou m tire sou tèt reptil la, li di, "Pa fè sa, jis pran baton sa ki la a bò kote w la." Epi lè m te vire do m pou m pran baton an, li fofile nan dlo a, se te jis yon ti flak dlo.

41 Mwen di: "Ebyen, sa pa ka fè mal ankò trè lontan paske mwen kwè frè a reyalize (frè yo) kisa ki ta rive." Mwen te di, "Li pral ... Li blese mòtèlman, kidonk li pral mouri."

42 Epi men kesyon mwen poze a anpil nan manm legliz mwen yo isit la, nan tabènak sa avèk frè Neville ak mwen, ki vin apwoche mwen menm ak menm sijè sa a: Frè m, sè m, èske mwen pa eseye rete yon vrè sèvitè Kris devan nou? Èske mwen pa eseye rete frè nou? Kounye a, kèlkeswa kote li ye a, se yon lespri ki sou moun presye sa yo. Anpil

moun te mande m sa. Men, se--se yon lespri, men mwen espere sa

jodi a ke li resevwa yon blesi mòtèl epi li pral mouri byen vit konsa mwen ka retounen nan ministè a. Jiska lè sa a, mwen pral mande nou chak, priye pou mwen. Mwen pa konnen sa mwen pral fè. Mwen mete kay mwen an pou vann. Mwen jis pa ka sipòte sa, si mwen—mwen—mwen rete nan alantou a, m ap vin konplètman fou. Epi mwen... Mwen mande nou pou nou priye pou mwen.

43 Epi, sonje, si nou te janm kwè mwen, si nou te janm kwè ke m se yon sèvitè Kris, sonje, "Sa se yon erè! Se fo!" ENSI DI SENYÈ A! "Se fo! Piga nou gen anyen pou wè ak sa!" Mwen se frè nou. Ann bese tèt nou:

44 Papa nou ki nan Syèl la, kò m ap tranble, men m yo angoudi ansanm, zòtèy mwen yo plòtonnen nan soulye mwen. O Bondye, gen mizèrikòd. Ki sa mwen fè, Seyè, pou merite sa a? Mwen priye ke Ou va gen mizèrikòd pou mwen, Seyè, ak pou tout moun. Epi laba a, se pou presye byenneme frè sa yo, se pou yo wè erè yo epi pou yo konsyan de sa yo fè a, Senyè, bagay sa ki brize kè frè yo a epi pou yo... pa sèlman frè a, men Sovè nou an, Papa nou ki nan Syèl la. Mwen priye ke Ou va padonnen erè nou yo, Seyè. Se pou San sakre Kris la ini èt nou yo ansanm kounye a, Seyè, epi se pou lyen ki ini kè nou nan lanmou kretyen ak kominyon beni.

45 Bondye, se pou lènmi ki te pwoche bò kote frè nou yo ak sè nou yo

avèk... se pou li resevwa yon blesi mòtèl pou ke li pa ka egziste ankò; Se pou li jis mouri, Seyè. Lè W va fè sa, Papa, M ap retounen sou chan misyonè a ankò. Men, jouk lè sa a, Seyè, mwen se sèvitè W ak kè brize a, k ap tann, k ap tann. Sa depase tout sa mwen te kapab fè. Se ak dlo nan je m, ak kriye ak siplikasyon ke mwen te eseye, Seyè, ak tout fòs mwen (Ou konnen kè m.) pou rete sa anvan li rive byen lwen, men sa depase nenpòt bagay mwen te kapab fè. Donk, Papa, mwen remèt sa nan men Ou isi a sou chè sa a kote mwen preche pandan tout lane sa yo. Mwen renmèt li nan men Ou.

46 Kounye a, okipe W de sa, Papa, nan pwòp fason Divin Ou. Epi Lè tout bagay fini epi tout bagay regle, lè sa a sèvitè Ou la va retounen. Jiska lè sa a m ap tann pou m tandè w, Seyè.

47 Beni nou kounye a epi ban nou yon bèl sèvis jodi a; anfèt nou pa tout ansanm isi a sèlman pou sa a, men se jis pou rann sa klè, devan piblik la, devan lemonn antye. Pou yo ka konnen, Papa, ke mwen renmen Ou epi mwen kwè Ou epi mwen pran pozisyon pou Ou, epi—epi mwen vle, si mwen genyen pou m ale, kite m ale, Senyè, ak yon kè pwòp ak yon temwayaj reyèl ke mwen te kwè nan Ou epi mwen te fè ou konfyans. Akòde li. Epi mwen va fè lwanj Ou epi nou pral ba Ou glwa atravè tout laj ki gen pou vini nan Jezikri. Amèn.

48 Kounye a, la nan Lèzekriti, annou tounen nan Bib la pou...m te panse maten an sa t ap yon bon bagay, si Frè Neville dakò, pou jis kontinye pandan kèk minit nan...

49 Bon, mwen...Pa kite m tande sa mansyone yon fwa ankò pami ankenn lan nou. Jis priye epi gade sa deyò, byen fèmen. Ou wè? Mwen pa...Mwen—mwen—mwen gen senkann dezan, men m panse pet`t, si Bondye epaye m, si m gen yon ti rès lavi rete, mwen vle pase chak ti moman tan mwen pou Kris. Kif`, sonje, m ap kite paske mwen pouse pou m fè l.

50 Kounye a, nan Liv Apokalips la, nan chapit 4 kote nou te kite lòt jou a lè nou t ap etidye a...Apokalips, chapit 4, mwen kw`, nan dènye pati vèsè a, chapit la. Ebyen, konbyen moun ki renmen liv Apokalips la? Se mèveye! Bon, mwen kwè nou te kite nan 5yèm—chapit 5 lan, se pa sa? Nou te fini, chapit 4 la, kat Èt vivan yo. Kounye a, annou abòde Pawòl la kounye a, bliye bagay sa yo ki pase yo.

51 Bondye Papa, Oumenm ede nou la pandan nou sou tansyon, men n ap abòde Pawòl la. Ap bliye sa k pase, n ap prese kounye a reponn a ministè apèl selès la pou vin yon sèvitè pou Kris. Bannou Pawòl la maten an e nourri nanm afame nou yo, paske n ap soupire, Sey`, epi ap tann onksyon presye Sentespri a. Vini pami nou, Seyè, padone peche ak dezobeyisans nou yo epi kite nou vin sèvitè Ou. Paske nou mande l lan Non Jezi. Amèn.

52 Kounye a, nou te pran aj legliz yo, dènye Sèt Aj Legliz yo. E apres, la, mwen kwè kèk nan yo t ap eseye pou...pral mete l sou fòm liv, aj legliz yo. Apres, nou te rive nan chapit 4 Liv *Apokalips* la...Kisa sa a ye? Se *Revelasyon Jezikri*. *Revelasyon*, ke yo rele an Latèn, Apokalips, ki siyifi “ki dwe revele, retire kouvèti a—a soti, pou ap montre, pou ekspoze,” pou f`sòti revelasyon Jezikri ki Te la, ki La, e ki Ap Vini, Orijin ak Desandan David.

53 Kounye a, nan chapit 4 la, nou jwenn ke Jan te monte nan Syèl apre l te fin wè aj legliz yo. Jis pou rekile on ti jan an aryè kounye a, e apres, n ap...

54 Petèt li t ap miyò pou li kèk vèsè nan chapit 5 lan, e apres, n ap kòmanse dirèk avèk rezime a.

E mwen te wè nan men dwat sila ki te chita sou tròn lan yon liv ekri anndan epi...deyò, sele avèk sèt so.

E mwen te wè yon anj pwisan ki t ap di ak yon vwa byen fò, Kimoun ki diy pou louvri liv la, pou brize so yo?

E pèsonn nan syèl la, ni sou tè a, ni anba tè a, te ka louvri liv la, ni menm gade l.

E mwen te kriye...poutèt yo pa t jwenn pèsonn diy pou louvri epi...li liv la, ni menm gade l.

E youn nan ansyen yo te di m, Piga w kriye: men ni, Lyon tribi...Jida a, Orijin David la, te ranpòte viktwa a pou louvri liv la, epi brize so yo.

E mwen te gade, epi, la, nan mitan tròn lan ak...kat èt vivan yo, epi pami ansyen yo, yon Ayo te kanpe kòm si li te sakrifye, li te gen sèt kòn ak sèt zye, ki se sèt Espri Bondye ki te voye pou tout tè a.

E li te vini e li te pran liv la nan men dwat sila ki chita sou tròn lan.

Sa a se sèt premye vèsè yo.

55 Bon, kounye a, nan chapit 3 Apokalips la, nou jwenn fen Aj Legliz yo, ki tèmine avèk Lawodise, aj legliz tyèd la. Apresa nou dekouvri ke, touswit apresa, Jan te antre an espri, te monte nan Syèl. E li te wè bagay ki te egziste, e sa ki ta pral vini, ak bagay ki te la. Bon, nou jwenn, legliz pa t parèt ankò jouk nan chapit 19 Apokalips la, apresa li retounen avèk Seyè li, lave avèk glwa nan San an.

56 Bon, nan dènye sitasyon sa a, pou fè yon ti rezime pou rive kote Jan ye kounye a, nou dekouvri nan dènye mesaj la...mwen t ap jis fè yon koudèy rapid sou li y', kèk nan kontèks ke mwen te pote yo. Epi Jan te transpòte al nan Syèl e li te wè bagay sa yo. E mwen te remake la ke Li te ban m yon revelasyon, ke...Ou konnen, apre rezirèksyon Li te gen anpil ki te avè L, e genyen ki te di, "Kisa k ap rive a nonm sa a ki apiye sou lestomak Ou a (Jan)?"

57 Jezi te vire tounen pou di, "Èske sa gade w si l rete jiskaske M vini?" Kifè Li pa t janm...

58 Depi lè sa te gen yon doktrin ki te pran nesans. Ou wè jan sa fasil pou l kòmanse? Depi lè sa yon doktrin te soti ke-ke "Jan pa t ap mouri jiskaske l va wè Jezi k ap vini, oswa jouk Dezyèm Vini an." Bib la di te gen yon doktrin ki te soti de sa.

59 Sepandan, Jezi pa t janm di l fason sa a. Li di, “Èske sa gade w si l rete jiskaske M vini?”

60 Kounye a, nou jwenn ke li te souleve monte al nan syèl pou l te wè apati de la jouk vini Seyè a, kòm si l te la pou ap gade sa k t ap rive. Jan limenm pa t vivan...Li te viv jiska katrevendis kèk lane, epi apre li te mouri de yon–yon mò natirèl (sèl nan apot yo) apre l te sot an egzil nan zile Patmòs.

61 Kounye a, gen yon pwen eksepsyonèl ke mwen ta...(Mwen panse yo te pran...yo te desann ti tablo nwa mwen an, men...) Mwen ta renmen pou nou mete yon ti aksan sou li, anvan nou touche bagay enpòtan sa a. O, se gloriye! Yon mèveye, yon mèveye chapit.

62 Epi apre sa, chapit ki vin apre a kòmanse ak ouvèti sèt so yo. O, lala! Answit, nou dwe sote kèk seksyon epi ale diferan kote nan Bib la, pou jwenn so sa yo lè yo louvri epi ki mistè yo kache. O, yo gloriye, jis rich ak vitamin espirityèl!

63 Kounye a, nou wè youn nan gwo bagay estrawòdinè mwen ta renmen pou pote atansyon nou, se te Kreyati vivan yo (nan dènye pati nan katriyèm chapit la) ke Jan te wè ap gade Bwat Kontra Alyans la. Ou sonje jan yo te fikse menm jan ak pèp Izrayèl la nan perip li a? Yo te gen, kounye a, sou li, te yon figi Kreyati vivan an. Epi nou te dekouvri ke Kreyati sa yo pa t zanj, non plis yo pa t yon nonm. Yo te cheriben. Epi nou jwenn yo nan Ansyen Testaman ak Bwat Kontra a. Nou jwenn yo nan Nouvo Testaman an. Apre sa, nou jwenn yo ankò lè Senyè a ap vini ankò, Cheriben k ap veye twon lagras la.

64 Twon lagras la, pèsonn pa t kapab apwoche li sof si te gen yon ekspyasyon la pou moun sa a, se te sèl fason ke Tanp la...Lè yo te wouze li ak san an, answit li te vin tounen yon twon lagras. Men, apre yo te retire san an, li vin tounen yon twon jijman.

65 Epi, o, lala, pèsonn pa t kapab sipòte jijman Bondye yo. Sèl bagay ke nou ka chèche se mizèrikòd, pa jijman, pa jis-...jistis. Nou pa kapab apwoche jistis Li; paske, jistis Li, Li pral oblije kenbe Pawòl Li; epi kenbe Pawòl Li, "Jou ou manje ladan l, jou sa a w ap mouri." Ki moun ki ta vle jistis? Mwen pa vle jistis. Mwen rele pou mizerikòd. O lala, kite mizèrikòd Bondye a... Epi twon mizerikòd la te benyen!

66 Men, te gen yon tan pou pirifye Tanp lan, lè li te yon twon jijman toutotan ke san an pa t sou twon lan.

67 Kounye a, n ap apwoche tan sa a *kounye a*. Nou ap pwoche kounye a, nan epòk sa a, yon netwayaj nan Tanp lan ak jijman k ap vini sou tè a. Ou wè? Osi lontan ke San an la, Bondye pa ka detwi tè a; toutotan san an la, pèsonn pa yon pechè devan Bondye. Tout moun gen rezon, paske genyen yon Ekspyasyon pou tout moun. Men, si ou pa aksepte sa Ekspyasyon epi ale nan Prezans Li, lè sa s, ou se yon pechè, ou depase liy mizèrikòd sa a. Answit, ou te jije tèt ou. Men kounye a pandan ke gen mizèrikòd... Men, lè pirifikasyon Tanp lan vini, San an ale sou twon mizèrikòd la epi ansuit, kòlè Bondye a tonbe sou tè a. O, lala! Bondye gen pitye pou nou, pou ke nan jou sa a nou pa retrouve nou san lagras Bondye.

68 Kounye a, nou wè la a... m ap eseye espiritualize li yon fason isit la, oswa trase li pou ou ak men mwen, ke te gen kat kwen tankou Pèp Izrayèl la te moute kan yo. Yo mete Bwat Kontra a nan mitan, epi sou kat bò tant lan te gen twa branch tribi pèp Izrayèl la, epi twa fwa kat se douz, oswa kat fwa twa, pito, douz. Epi chak twa te genyen yon tèt. Epi chak chèf branch tribi...

69 Youn nan yo se te Woubenn, li te toujou kanpe bò kote sid. Li te chèf moun. Epi Efrayim te sou bò wès, ak twa tribi, se li ki te—towo bèf la. Epi... Answit, sou bò lès se te Jida, ki se lyon

an. Sou nò a te gen Dann, ki te yon ègl. Kounye a, remake. Ou sonje yo? Nou tout sonje yo byen, ki jan nou te fè desen yo: ègl, ak towò bèf la, ak nonm lan, ak lyon an.

70 Kounye a, ou remake, Jida ap veye pòtay lès la. Ak Kris la se "Lyon nan tribi Jida a". Li pral desann soti nan pati lès Syèl la, antre nan chemen pòtay la. Li soti nan pòtay lès soti nan branch tribi Jida a. Epi li se "Lyon nan branch tribi Jida."

71 Epi nou jwenn, nan mesaj nou te pote maten an, ke Li toujou pwoklame "Lyon nan tribi Jida a, Rasin lan, premis David la." David te wa, Etènèlman. E Kris chita sou twon David la nan Milenyòm la, ki se wa etènèlman David pa p janm fè echèk." Alelouya! "David pa p janm fè echèk!" Bondye te pwomèt sa, te di, "David pa p janm gen yon echèk, pa yon sèl."

72 Ou di: "E jodi a, ki kote jij jwif sa yo ye?"

73 Li toujou gen Semans la, Kris la se Pitit li dapre lachè. Gen youn ki la. "David pa p fè echèk" Se vre. Epi Kris se "Lyon nan tribi Jida a" semans kote David te soti a.

74 Kounye a, nou jwenn yo se gadyen syèj mizèrikòd la. Yo t ap gade syèj mizerikòd la. Pa gen anyen ki te ka atenn li, yo te dwe

dabò travèse tribi yo anvan yo te kapab rive nan syèj mizerikòd la.

Chak moun te prè pou bay lavi yo, chak Izrayelit nan kan an te prè

mouri anvan anyen te kapab antre nan kan sa a la epi

pran syèj mizerikòd sa. Epi la nou wè se te lòd Ansyen testaman an.

75 Epi nan lòd Nouvo Testaman an nou jwenn menm bagay la, ke

gadyen yo t ap veye syèj mizerikòd la. Oh, mwen espere nou sezi li! Yo te toujou veye syèj mizerikòd la, toujou gen gadyen yo ankò. Nou te wè ke gadyen sa yo se te Matye, Mak, Lik, ak Jan, k ap veye Liv Zak yo, zak Lespri Sen an te fè nan mitan apot yo, ki se—Liv Zak Nouvo yo, Nouvo Testaman an. Epi kat ekriven Levanjil yo, Matye, Mak, Lik ak Jan, tout ap veye chèz mizerikòd sa a pou montre ke se Bondye, Sentespri a jodi a. Chak ekriti sa yo, Matye, Mak, Lik, ak Jan, yo chak ap konfime vrè Levanjil Senyè Jezikri a ak zak Lespri Sen an.

76 Kounye a, lè nou rive pi lwen pase Sa, se pa sa. Men Li

apiye vrè Mesaj la! Tankou jan nou jwenn nan Ak 2:38, kote li di,

“Repanti, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo.”

77 Epi jodi a yo adopte Non “Papa, Pitit, ak Sen

Sentespri” pou yo batize. Pa gen okenn ekriti pou apiye sa! Pa gen okenn fondman. Pa gen-pa gen anyen pou veye sa, pa yon sèl

bagay! Ou di, “Matye te di sa.” Matye te veye l. Matye

28... 1:18 te di:

...nesans Jezikri a se konsa: Lè...

Mari, manman l, te fyanse ak Jozèf, ’ anvan yo te vini abite

ansanm, yo te jwenn li ansent ak yon pitit Sentespri a.

Tout bagay sa yo te fèt pandan... Joseph, mari l, (pito)

ki te yon nonm jis, ... pat vle fè l yon eskandal piblik, te gen lide pou--pou repidye l an sekre, fason sa.

Men, pandan li t ap reflechi sou bagay sa yo, men ni, zanj Bondye Seyè a parèt devan l nan yon rèv, li di: Jozèf, ou menm

Pitit David, pa pè pran Mari, madanm ou, paske

ti moun li vin ansent nan se nan Sentespri a Li soti.

78 Alò, Sentespri a ak Bondye Papa a se menm Moun

sinon li te gen de papa. Ou wè? Kifè, ou wè!

Epi li pral fè yon timoun,...rele non l

JEZI:...

...e sa te fèt, pou l te ka rive vre...

Sa ki te anonse pa...pwofèt,...

79 Bondye ta avèk nou, yo rele L Emanyèl, ki se Bondye,

Papa a, Pitit la, ak Sentespri a, nan yon sèl Non (Jezikri) ki ap

veye pòtay sa a kont erè.

80 Kèk jou de sa nan Chicago, devan yon asosyasyon ministeryèl nan Chicago, sila gran Chicago a...Mwen te konnen...Sentespri a te leve m nan mitan lannwit epi li di m ', "Kanpe bò fenèt la." Li te di: "Genyen yon gwoup minis ki vle rankontre w pandan yon ti dejene." Li te di, "Fè atansyon, yo pral atake ou sou sa."

81 Mwen di: "Mèsi, Senyè." Li te montre m kote sa ta

dwe pran plas.

82 Epi m t al di kèk minis, Frè Carlson ak

Frè Tommy Hicks, kijan sa t ap ye. Mwen te di, "Kote sa a

nou te rezève a, se pap nan plas sa. Nou pral nan yon lòt

kote." Mwen te di yo ki kote Doktè Mead ta chita; ki jan yon mesye nwa ta antre, epi chita konsa; ak tout bagay sou sa.

83 Alò, jou maten sa, epi yo di... Pitit mwen an di m, li

di, "Papi, ou prale la nan meli melo sa a?"

84 Epi mwen di: "Mwen pa pral laba a pou m nan diskisyon. Mwen pral laba a, sou onksyon Sentespri a, ak yon Pawòl Bondye ki pral pwoteje syèj mizèrikòd sa a, toutotan Li la."

85 Se konsa, lè nou te rive laba a la, anvan menm yo te gen yon chans poze yon yon sèl kesyon, Lespri Sen an te pale avè m, li te di, "Kounye a se moman an pou di li."

86 Mwen di: "Mwen konn poukisa nou la." Epi mwen di, "Koulye a, Frè Hicks, epi ou menm ak frè Carlson, responsab Òmdafè Kreyen yo," mwen te di, "èske tout bagay pa jis egzakteman fason Sentespri a te di m avan yè a? Ke nou pap jwenn lòt sal sa a, e ke nou t ap si a la?" Epi yo jis te jwenn li maten an. Epi mwen te di, "Bon, gade, tout moun te plase jis jan Li te di l t ap ye a." Mwen te di, "Sijè nou vle apwoche m sou li a se Non Jezikri pou batèm lan."

87 Epi lè nou... Lespri Sen an kòmanse pran Pawòl Bondye a epi revele Li epi entèprete Li piti piti konsa, e tout pakèt minis trinitè sa yo ki te chita la, rive ap pase men yo anba tab la epi sere men youn ak lòt ak dlo k ap koule desann sou machwè yo. Epi, mwen te aprann ke swasanndis nan yo pral vin isit la nan tabènak sa a pou m batize yo nan Non Jezikri.

88 Syèj mizèrikòd la a sou souveyans, ou wè, Lespri Sen an ap veye syèj mizèrikòd la. Nou dwe gade sa tèlkèl... Se pou Pawòl

Bondye sa... gran mesaj ki te chita la yo, Matye, Mak,

Lik, ak Jan, k ap apiye chak zak Nouvo Testaman sa a.

89 Epi kounyeya—kounye a, se egzakteman sa m te di nan premye pati mesaj maten an, ann kenbe li tèlkèl sou gad

Levanjil la. ou wè? Ou wè? Kenbe li dwat la kote Levanjil yo

pral veye li.

90 Kounye a, nou dekouvri la, yo t ap veye syèj mizèrikòd Bondye a nan Ansyen Testaman an; epi la, Matye, Mak, Lik, Jan,

yo tout. E menm lyon nan tribi Jida a te bay

Lavi li pou veye syèj mizèrikòd sa a, pou l te aspèje li avèk

Pwòp san L. Epi men li kanpe la maten an, jodi a, gran

Konkeran an ki pral desann soti nan Lès yon jou e nou

va wè Li.

91 Kounye a, annou ale vit, paske mwen konnen gen yon sèvis batèm. Ki sa Liv sa ki sele ak sèt so yo ye? Oh, ala gloriye!

Èske w te remake ki jan li di isit la, "Te gen sèt so sou do

Liv la"? Se yon bagay...Oh, se pou Bondye ede nou kounye a epi ba nou kouraj, e petèt pi bonè oswa pita mwen ka jwenn li ba ou. Gade, sa pa ekri nan Pawòl la, li sele sou do Pawòl la. Liv la te sele ak sèt so sa yo. Tout mistè a ki nan Liv la sele nan sèt so sa yo. Sa a se youn nan chapit ki pi gloriye nan tout Liv Apokalips lan. Gade:

Aprè sa, mwen wè nan men dwat moun ki te chita sou twòn lan

yon liv ki ekri anndan e... ki ekri anndan (Se te ekri sou anndan, se sa nou li maten an.) ak...dèyò a, ki sele ak sèt so.

Se sou deyò Bib la, sa Bib la pa menm di, li sele isit la ak sèt so: se mistè Bondye yo.

92 Kounye a, ki sa li ye? Koulye a, remake. Yon so reprezante yon pwodwi fini, yon bagay ki te deja teste, pwouve, epi answit ke yo sele. Kote... Antan nou sele ak Sentespri a nou gen avalwa sali nou kounye a. Sa se gaj Sali nou.

93 Ann tounen dèyè jis yon minit. Mwen—mwen te gen yon vèsè ekri isit la, plizyè nan yo, mwen pa... p ap gen tan pou ale nan tout. Men ann tounen nan Efezyen, jis yon ti moman, epi ann li... nan 1ye chapit Efezyen an, pou nou ka jwenn siyifikasyon reyèl la.

Pòl, yon apot Jezikri pa volonte Bondye, pou Sen yo ki nan Efèz,...

94 Epi, sonje, Jan te adrese lèt sa a a moun Efèz yo, Efezyen yo ak moun ki fidèl nan Kris yo, moun Pòl te preche yo epi te akonpaye yo, te pran swen yo ak Levanjil la. Ou wè? ...Efezyen, ak moun ki fidèl nan Kris la...

95 Se sila yo ki deja nan Kris. Ki jan nou rantre nan Kris? "Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl kò," ki se kò Kris la. Ke gras la avèk ou, ak lapè, ki vin de Bondye, Papa nou, ak... Seyè Jezikri a. Benediksyon pou Bondye ak Papa Jezikri, Seyè nou an, ki te beni nou ak tout benediksyon esprityèl ki nan lye selès yo nan Jezikri.

96 Reflechi sou sa kounye a! Li te beni nou ak tout favè ki nan syèl la, benediksyon yo, pandan n ap rasanble ansanm nan Jezikri (antanke kwayan, Legliz eli a, ki te rele soti, mete apa). Li sele nou ak Lespri Sen Li, epi kounye a ap revele nou tout bagay ki gen pou nou nan tan k ap vini an. Kounye a nou rive nan sèt so yo. Selon ke Li te chwazi nou nan li anvan fondasyon monn lan, pou nou vin sen, san repwòch...nan lanmou: li te predestine nou pou nou te pitit adopte atravè Jezikri pou Li menm, dapre pwòp plezi li...

97 Ala yon bèl panse sa a ye! Ann jis kontinye li jis yon minit. Mwen vle desann la espesyalman nan 12yèm vèsè a, epi 13yèm, 14yèm lan: Pou ke nou ta dwe fè lwanj glwa li, ki te mete konfyans nan li an premye. Nan limenm nou te mete konfyans nou tou, apre ke nou te tande pawòl verite a, ak levanjil delivrans nou an: nan limenm... apre... nou te kwè, nou te sele ak Sentespri pwomès la,

98 "Apre ke w te kwè." O, frè Batis mwen, ki jan ou ta ka di Se pa konsa? Ou di ou resevwa Sentespri a lè w kwè? Li te di, "Apre w fin kwè, Lè sa a, ou te sele ak Sentespri pwomès la."

Remake: Se sa ki garanti eritaj nou an jiskaske redanmsyon byen ki rachte a, pou lwanj glwa li.

99 Kounye a, nou dekouvri lè sa a, ke yon so vle di ke “se yon bagay ki konplete ak Bondye, li deja regle.” Epi chak kwayan te sele ak pwomès sa a depi nan konmansman an, paske anvan fondasyon mond lan nou te predestine pou te piti ki adopte yo. Anvan mond lan te kòmanse! Oh, ala yon espwa. Sa fè nou kanpe fèm ak asirans. Yon lank nan nanm nan ki pa balote pa si pa la, men ki ankre nan Kris la, yon espwa ki sèten. “Te predestine nou anvan fondasyon mond lan, pou adopsyon pitit gason yo atravè Jezikri.” Oh, ala bèl bagay! Mwen renmen sa: “travay akonpli” ak Bondye.

100 Kounye a, kite m jis site yon lòt Ekriti pou ou. “Tout sa li te konnen davans, li te rele; tout sa li te rele, li te jistifye; tout sa li te jistifye, li te glorifye.” Toutolon depi nan kòmansman an, Bondye, nan gran lespri enfini li an, te wè davans Legliz li a epi li te predestine l pou adopsyon timoun yo atravè Jezikri, pou l ba yo Lavi Etènèl nan fen laj la. Ala bèl bagay! Frè Neville, sa fè m santi m pi byen. Pa ou menm? Oh, wi. Adopsyon atravè san Jezikri a!

101 Kounye a, remake pandan n ap avanse. Kounye a, nou konnen se yon fini-...Nou te predestine ak Ayo a. Sentespri a se so nou. Gaj la vle di “pi plis gen pou vini.” Nou sèlman gen gaj la kounye a. Gaj la se jis avalwa (Oh, ala bèl!), jis avalwa a ki kenbe l, li sekirize l ak lank li pou ke pèsoun pa ka manyen l. Se gaj adopsyon nou an. Amèn. Sentespri a se kounye a gaj Bondye nan kè nou (ki sele), adopsyon pitit gason yo k ap tann nou nan fen wout la. Pitit gason ak pitit fi Bondye yo!

102 Ann al nan yon lòt Ekriti, byen vit, mwen te ekri sou lòt paj sa la a. Women 8:22, mwen panse ke l bèl. Kounye a, yè lè m t ap etidye, mwen te ekri kèk ekriti isit la ke mwen ta renmen refere a yo. ...nou konn sa—nou konnen ke kreyasyon an toutantye ap jemi epi nan doulè akouchman jiskaprezan. E non sèlman yomenm, men nou menm tou, ki gen premye fwi Lespri Bondye a, menm nou menm n ap jemi nan noumenm, pandan n ap tann adopsyon an, ki vle di, redanmsyon kò nou.

103 Oh, èske w wè l? Pòl te di: “Tout kreyasyon an ap plenn. Tout bagay ap plenn. Gade pye bwa yo ki jan yo ap lite. Gade flè yo ki jan yo lite pou lavi; jis pou ke sezon jèl la demoli yo.

Gade pye bwa yo ki jan yo ap lite pou yo kenbe branch yo pou chante glwa pou Bondye. Ou wè? Tout bagay, tout lanati, tout bèt, tout zwazo, ki jan li vole lwen lènmi an byen vit epi li met deyò, tout bagay ap plenn. Pòl te di: "Epi nou menm tou, n ap plenn ansanm ak yo, paske n ap tann redanmsyon kò nou."

104 Men kounye a! Kounye a! Yo te fè tout ane sa yo jouk koulye a! Koulye a, nou gen gaj eritaj nou! Oo, la la! Kisa nou genyen? Nou gen prèv ki montre ke Bondye vivan. Nou gen prèv ki montre ke Bondye avèk nou. Nou gen prèv ke Bondye pa abandone nou, ke nou pou li epi li se pa nou, paske nou (nan kò nou), kounye a nou abrite Lespri Sen Bondye a k ap rele, "Papa, Papa pa m nan." Epi pa gen anyen ki ka janm retire sa. Nou ankre nan Kris la.

105 Kounye a, pye bwa yo pa genyen l, lanati pa genyen l, men poutan nou toujou ap plenn ak yo paske nou poko resevwa plenitid adopsyon nou an. Men, nou gen prèv la, ke nou te chwazi pami bagay ki sou latè epi kounye a nou vin tounen pitit gason ak pitit fi Bondye. Ki kalite moun nou ta dwe ye? Oo, la la, lè nou panse a sa! Panse a sa!

106 Kounye a nou gen gaj la, lespri nou ap plenn pou adopsyon konplè a, men kounye a, nou gen yon gaj la. Alòs ke nou resevwa Sentespri a, ki se yon gaj adopsyon konplè nou oswa delivrans konplè nou. Oo, ala bèl! Mwen jis renmen sa. Se byen.

107 N ap tann plenitid adopsyon an. Sa ap fèt ki lè? Nan premye rezirèksyon an. Lè sa a, kò nou yo pral chanje soti nan vye kreyati sa yo ke nou ye a epi n ap gen yon kò tankou pwòp kò gloriye li a, "Paske n ap wè l jan li ye a, epi n ap tankou li." Lè li parèt, n ap parèt nan resanblans li. Nou pral gen yon kò tankou l, yon kò glorifye ki gloriye, epi tout eprèv yo ak lit nan lavi yo pral disparèt nan yon ti vapè dlo epi evapore pou yo pa janm egziste ankò.

108 Epi tabènak terès sa yo ke n ap plenyen ladann nan kounye a, n ap tann pou ke gaj sa a —gaj sa a... pou delivrans total nan plenitid li a k ap vini an. Men koulye a, nan tabènak ajil sa yo nou gen yon bagay ki di nou ke nou te relve jiska prezan. Amèn. Ki sa gaj la ye? Se ti avalwa ki kenbe l la, Frè Dauch. Se gaj la. Kounye a, yon fwa, lè nou te renmen bagay ki nan monn nan, yon fwa, lè nou te fè peche, lè nou t ap fè bagay ki nan monn nan, epi nou pa t fè ka de Bondye, nou te lwen li, san Bondye, san Kris, nan mond lan; kounyeya, Bondye te voye

Lespri Sen li e gras a sa nou te relve de bagay sa yo. Koulye a, nou gen gaj la, ke nou konnen ke nou te pase de lanmò a lavi. Amèn!

109 La a, jam m t ap eseye montre sa a konsa. Men kote pechè òdinè a kouri, desann la a nan fon an. Kounye a, kretyen an monte yon ti kras pi wo pase sa a, li monte pi wo pase tout bagay sa yo. Sa a se gaj delivrans li.

110 Kounye a, pou w ka konnen ki lè... kisa vizyon yo fè pou wou. Alò, ede m, Bondye se jij mwen, mwen pa janm gen entansyon gen yon lòt. Si se sa, mwen pral kenbe l pou mwen, ou wè, paske mwen wè sa l fè. Moun yo pa pare pou yon ministè konsa, kidonk ou jis oblije kite l tonbe, ou wè, retounen a sa. Men, si janmen mwen tounen nan chan an ankò, mwen pral yon evanjelis. Men gade la a. Sou pwen sa a, retounen isit la, moun te anwo a la a, w ap monte nan sa ki selès la a. Ou jis ap viv ozalantou domèn sa yo la a. Ou ale pi lwen ke nenpòt bagay moun ka panse a, pi lwen ke nenpòt bagay sa yo. Epi li fè w monte anwo nan yo espas sa yo la a.

111 Men, ou wè, kounye a nou genyen, grasa Lespri Sen an, gaj eritaj nou an paske nou te elve pi wo bagay ki nan monn nan; epi n ap fè wout nou ansanm ak mond lan, men nou anlè mond lan! O Frè Neville, ke Bondye gen mizèrikòd epi bay Legliz Bondye vivan an...

112 Lè nou rive nan yon pwen kote nou panse ke legliz la, yon bèl legliz, ke, "N ap eseye konpare ak bagay sa yo nan mond lan. N ap eseye gen yon pi bon ekip baskètbòl ke lòt la. Nou dwe gen yon—yon pi bon bilding. Nou dwe gen yon pi bon jwèt loto. Nou dwe gen pi bon sesi epi sela, oswa sa a." se kisa, ki jan nou ka janm konpare li ak ekla epi briyans nan mond lan? Nou pa... Levanjil la se pa sa k ap briye; Se yon ekla. Gen yon diferans ant youn ki klere ak youn ki se ekla limyè.

113 Gade, nou jis ap vire anwon, jan m te di a, ap soti yon—yon kadav de yon mòg a yon lòt, ap chanje manm ak bagay yo konsa. Bon, ki byen sa fè pou nou? Epi nou ap eseye rann li briyan, bann gwo kloche, bann bèl kote. "Nou dwe gen youn ki pi bon pase Metodis la oswa youn ki pi bon pase Batis la, epi nou tout ap eseye fè konpetisyon ak Katolik la, epi nou ap fè jwèt loto ak fèt epi soupe ak amizman, ak tout bagay."

114 Legliz la pa p janm ka konpare ak mond lan. Ki jan ou menm ak amizman legliz ou a ka fè konparezon ak Lòj Masonik la oswa—oswa nenpòt nan moun sa yo ki kapab fè amizman? Sa se teren yo. Pa eseye ale sou teren yo.

115 Men nou gen yon bagay ke yo pa genyen! Nou te gen Jezi. Kite yo vin isit la si yo vle yon bagay. Rete nan Kris la. Nou gen Jezi. Yo pa pral... yo pa ka gen Jezi jiskaske yo vin isit la. Epi lè nou al la ba a, nou ale andeyò teren Li a.

116 Pa eseye briye. flashe! Epi ou pa ka flashe, ou fèt pou kite Li flache atravè ou. Ou wè?

117 Ti koukouwouj la, li pa flashe paske li vle flashe; paske li vrèman flashe, gen yon bagay nan li ki flashe. Sa nan limenm, se limenm ki fè l, yon bagay andedan li jis ap flashe atravè li.

118 Bon, se konsa sa ye ak Lespri Sen an. Nou pa bezwen etranj, diferan, pou yon bagay anplis, jis lese ale epi viv yon vi sen epi jis kite Bondye viv atravè ou. Sa pral briye pou Levanjil la. Ou wè? Pa klere; klere, sa fè makak ponpe pou bagay sa yo, nenpòt bagay ki klere. Ou konnen, yo toujou ap sote pou yon bagay "ki klere." Men, briye se "dous, dousè kalman nan—nan Sentespri a.

119 Kounye a n ap tann rezirèksyon sa a. Bon, kounye a, èske w konprann? Di "amèn" si w konprann, sa ke m vle di lè m di "gaj". [Kongregasyon an di, "Amèn!" — Ed.] Nou te... Nou—nou konnen nou te pase de nan lanmò a lavi paske nou te elve. Nou pa t leve nan noumenm, men nou te elve anwo bagay nan monn lan, ke nou renmen tout moun. Epi Bondye renmen nou, e nou konn sa. Epi nou siveye lavi nou epi nou wè ke se Lespri Sen an, paske nou pa fè ka de bagay ki nan monn lan ankò. Ou wè? Se sa l ye. Toutotan ou renmen monn lan oswa bagay ki nan monn lan, lè sa a lanmou Bondye a pa nan ou ankò. Ou wè? Men, osi lontan ke w odela de sa, Lè sa a, ou konnen ou gen eritaj ou a, ou wè, ou se—ou sou wout ou pou redanmsyon total ou.

120 Epi, kounye a, sa pral vini, ou wè, jiskaske nou gen dabò...Dabò nou dwe wè Jezi. E lè l vini, lè sa a nou pral gen yon kò tankou kò li epi nou pral fèt tankou li. Dakò.

121 Kounye a, nou wè ke yon bagay ki te pèdi isit la (paske Bib la te di sa, epi nan Liv la isit la) ki—ki te rachte nou. De kisa nou te rachte? Yon bagay nou te dwe pèdi. Anvan ke w ka

rachte, dwe gen yon bagay ki rachte nou anretou. Epi tout eritaj nou te genyen an— yo te rachte. Alò nou dwe te gen yon bagay yon fwa ke nou pa genyen kounye a, men Ayo sa a vin rachte. Ou wè? Nou te gen yon bagay ke nou te pèdi.

122 Kounye a remake. Kisa nou te pèdi? Ebyen, yo te bay Adan pou I te gen Lavi Etènèl, toutotan li t ap manje nan Pyebwa a li te gen Lavi Etènèl. Epi nou remake ankò ke Adan se te... li—li eritye tè a. Li te ... tankou yon bondye amatè sou tè a. Tè a te pou li. Tout bagay te lage nan men I, li te kapab fè ak li tou sa I te vle. Li te ba I non, epi li te rele I, li te fè tout sa I te vle. Li te vrèman yon pitit gason Bondye.

123 Kounye a, nan sezon otòn la, Adan te pèdi tit pwopriyete sa a. Li abandone I bay Satan. Satan pran tit pwopriyete a. Adan te parese anpil, e li pa t rachte dwa I yo paske I pa t kab rachte dwa I yo. Men, Satan, ki pa posede I legalman, men li posede I, li se dye tè sa a. Bib la di sa. Li posede sa. Se pa paske li—ke li—li vrèman genyen I legalman, men li posede li. Koulye a, eske w konprann li? Satan posede sa, li kenbe I nan men I. Lanmò nan men li, tè a nan men li, mond lan se pou li, chak nasyon se pou li, li gouvène ak kontwole lemonn antye ak tout bagay nan mond lan. Satan fè sa!

124 Men, di Bondye mès, nou pa nan monn lan. Ou wè? Kidon men—Men ni. Ou wè? Epi nou se... Mwen pa vle di Legliz la; li pa kontwole Legliz la. Li jis kontwole monn lan. Li te di yo se pou li, epi li se bondye monn lan. Jezi te di ke I te sa, e I se sa. "Li se bondye tè sa a, li avegle je moun yo," dye tè sa a. Li se Bondye Syèl la. E kounye a li pa ekzakteman posede sa a. Li pa posede I.

125 Men, li te pèdi...e Adan te pèdi tit pwopriyete pou sa, pou sa a, tout bagay sa yo ke nou posede, Lavi Etènèl ak eritaj tè a. Jezi te di, nan Matye 5, "Benediksyon pou moun ki dou yo paske yo pral eritye tè a." Ou wè? Ebyen, nou pa genyen I kounye a.

126 Epi, gade, se pa Adan oswa nenpòt nan desandan I yo. Semans Adan an te pèdi tout bagay konplètman, limenm tou. Se pa pitit pitit Adan an. Kèlkeswa konbyen nou eseye anbeli monn sa a, ak konbyen nou eseye fè gwo bèl kay ak bagay sa yo, li toujou pa pou desandans Adan an. Non, mesye. Li pa t pou desandans Adan an, non, mesye, paske Satan te pran I okonplè. Se vre! Paske Adan te pèdi I.

127 Kounye a, oo, la la! Wi, gen tèlman anpil bagay ki te ka di. Mwen—mwen jis pa vle pran twòp tan kounye a, alò nou genyen, pou nou batize. trè byen.

128 Li posede l, men li pa posede l legalman, Satan. Lè pwopriyetè lejitim—pwopriyetè lejitim—pwopriyetè a pèdi li, gen yon sèl fason pou l ka rachte l. Koulye a, se atravè yon pwòch fanmi, se sèlman youn ki ka rachte l legalman. Kounye a, sèten, sa a nou jwenn ni nan nesans vijinal Jezi Kris la.

129 Kounye a, mwen vle di yon bagay isit la. Nan premye bagay nou vle retounen, se, si nou tounen nan—nan Ansyen Testaman an la a, mwen kwè mwen te ekri l yon kote, Levitik 25. Nan Levitik 25:23 ak 24, ou ka jwenn lwa redanmsyon yo, ou menm k ap pran nòt. Pou rachte nenpòt bagay lè yon nonm...Lè Bondye te bay pèp Izrayèl la... te divize peyi a atravè Jozye, chak tribi epi chak fanmi resevwa yon tè kote pitit li yo te eritye sa ki pa l la—byen li an.

130 Kounyeya, si nonm sa a te vin pòv epi li pèdi nenpòt bagay la ki echwe nan yon lòt nonm, sa a...e sèl fason li ta ka rachte l se atravè yon fanmi pwòch. Men, finalman li dwe retounen a li. Nonm sa a sèlman te kenbe li pou yon kantite tan kèlkonk. Sa dwe tounen al jwenn pwopriyetè orijinal la. Se vre! Li dwe tounen al jwenn pwopriyetè orijinal la. Si l te soti nan tribi Jida a, si se te... Si li te la epi sa te tire osò pou papa l, alò se pou li, oswa yon pwòch fanmi ta ka pran li. Men, kounye a, pèsonn lòt moun pa t kab legalman... Yo te kab kenbe l, yo te kab kenbe ti pwopriyete ki sou li a. Yo te kapab kenbe tit pwopriete a jiskaske dèt la te peye, men lè moun ki legal la vini, moun ki ...

131 Ann di, pa egzanp, si mwen te posede yon pwopriyete epi mwen te pèdi l, epi mwen te vann Frè Neville li ki fè pati yon lòt tribi, Jida, oswa petèt mwen te vann etranje li. Ebyen, li te posede l legalman, li te posede li, li te kab antre andann an la a epi kiltive l epi pwofite de byen yo ke l fè avè l, elatriye, men reyèlman li jis kenbe tit pwopriyete a. “Li pa t kab posede l,” sa a te yon lwa ann Izrayèl. Koulye a, li nan—li nan Levitik 25, epi w ap wè ke yo pa t kab posede l legalman; li jis kenbe l.

132 Bon, kounye a, pa egzanp, pitit gason m nan te vle... Billy, ki dèyè a la a, te vle pran...vin achte tè sa a. Ebyen, lè sa a, si etranje a oswa Frè Neville oswa—oswa yon lòt moun te posede l, te kenbe tit pwopriyete a...Koulye a, si se te pwochen fanmi m pwòch mwen, se te

fanmi m menm san mwen, li pa t kab kenbe l ankò. Non, mesye. Li te oblije remèt li, wi, mesye, lè pri sa a te peye, lè li te ba l, ann di, vennsenk mil dola pou pati pwopriyete a.

133 Ebyen, lè sa a, ann di, Frè Tony ta vini epi li di, “Frè Neville, mwen pral achte pwopriyete Frè Branham lan.” Li pa t ap kab fè l.

Frè Neville ka di “Non, mesye, mwen pa vle vann li.”

"Bon, kisa w ta vle bay pou li?"

"Vennsenk mil."

"Oke, mwen pral—mwen pral ba w trant-senk mil. Mwen pral ba w si ak sa."

"Mwen pa fè ka kisa w vle. M pa vle vann li, m ap kenbe l."

134 Men Billy Paul ka vini pou di, “Mwen vle reprann posesyon Papa m nan, men vennsenk mil ou an.” Li oblije kite l ale. Se sa, paske se te yon lwa.

135 O, Alelouya! Hmm! M espere ke noumenm Kreyen nou wè l. Nou se sèl tè a. Bondye te bay pitit Li yo sa a. Li te bannou jiridiksyon sou tout lanati, tout bèt, tout vi ki tout kote. Men Adan, papa nou, te livre l bay Satan. Men ki kote sa te retounen? Nan men Pwopriyetè legal la, Bondye ki te fè l la. Amen!

136 Se pa etonan Jan di li te “kriye anpil,” poutèt li pa t ka jwenn pèsonn ki te diy pou rachte sa. Moun lan dwe diy. Jan di, “Mwen te kriye anpil lè pa t gen pèsonn ki te ka pran Liv la oswa menm gade l oubyen brize so yo.” Li di, “Pèsonn...pèsonn nan Syèl la, pèsonn sou tè a, pèsonn anba tè a, pèsonn ankenn kote.”

137 “Pèsonn.” Bon, li pa t janm meprize Zanj yo. Sonje, yo pa t janm bay Zanj yo tè sa. Se eritaj lòm. Gabriel te diy, sèten; gen lòt moun ki te diy, Mikayèl te ka diy. Pa antanke...Li te ka diy pou fè sa. Men pa t gen pèsonn ki te diy. Ou wè? Epi Jan te kriye byen fò.

138 Yon moun te di, “Se paske li te dekouvri pou tèt li ke li pa t diy.” Se pa sa. Nonm lan te anba enfliyans Sentespri, li pa t ap ka fè yon erè konsa. Men li—li te...li—li te...li te...Se pa sèl limenm ki pa t diy, li pa t ka jwenn pèsonn diy.

139 Kidonk se jis lè sa li te di, “Yon ansyen te vanse ou pito yon anj pwisan, te di, ‘Pa kriye, paske Lyon tribi Jida a, (Amèn!) “Desandan David la, Li te ranpòte viktwa a!” Amèn! “ Te konkeri,” nan lòt mo. “Li diy pou pran Liv la!” Amèn.

140 Sonje, li pa t wè L jouk nan moman sa a. Poukisa? Li te la sou yon...chita sou yon Tròn anndan la, Tròn Bondye, Li te alenteryè sanktyè a. Li pa t wè L jouk lè sa, kifè Jan te atann li pou wè yon–yon Lyon vin devan, men li te wè yon Ayo!

141 Men ni, frè. Se avèk dousè, atravè dousè, avèk Sentespri ke nou konkeri. Pa ak kèk gwo jeyan entèlektyèl pwisan, men sila ki ka imilye tèt li a se nonm k ap konkeri a. Nonm ke y ap mal mennen an e ki toujou rete yon sèvitè Kris, sa se konkeran an.

142 Bon, li te di, “Li te ranpòte viktwa a. E Li diy pou pran Liv la epi louvri L pou brize so yo.”

143 Kounye a, nou pral dekouvri apre yon ti tan, petèt pa jodi a, sa so sa yo kontni, kisa yo te fè.

144 Kounye a, ann fè yon ti rale sou “redanmsyon.” Anvan–anvan pou moun sa ka vin...ka rachte, premye bagay la, li dwe diy, li dwe bon jan moun lan. Kifè sa te akonpli lè Jezikri te ne, yon nesans pa yon vyèj, paske li te Bondye. Li te Bondye Limenm ki te fè l òm, Li te Bondye nan lachè imen. Li te dwe diy; e San vyèj Jezikri a te rann Li diy. Bon, nou jwenn ke, si w vle konsilte Ekriti a, nan Premye Pyè 1:18 a 20, si w ap note Ekriti yo. Li te dwe diy. E Li te diy, poutèt Li te pran sou Limenm fòm yon nonm. Li vin moun, Bondye fè L paran pou nou. E la nou dekouvri lè sa bèl pati Jewova Bondye ki fè L chè e ki te abite pami nou antanke Sila ki diy lan. Amèn.

145 “Li te ranpòte viktwa a.” Bondye te pran fòm lachè imen, Li te vin sou tè a, te ne yon ti bebe e te mache pami nou. E atravè San sen Li an Li te ranpòte viktwa a.

146 Kounye a, lan Ansyen testaman, kijan yon nonm te konn pwoklame sa k pou li, kisa l te konn fè? Li te konn pran yon ansyen, dis ansyen, e l te konn al nan pòtay la e l te konn entwodui sa l t ap fè, pou rachte sa l te pèdi, epi te konn montre kimoun li te ye, e li te konn founi yon temwen. Nou jwenn bèl istwa sa la (Kòm mwen gen ti nòt sa ekri la pou...pou m pa

t bliye sa, poutèt mwen sou tansyon maten an.) sou Rit, paran redanmtè a epi Boaz. Nou te pase sou li pa gen lontan. Mwen vle w remake twa etap repo sa kounye a.

147 Mwen vle w remake repo Legliz la, jis egzakteman menm bagay la. Bon, obsève. Premye kote nou jwenn, alòske nou tout nou sot pase atravè sèmon sa, *Paran Redanmtè A*, Bondye ki te fè L chè pou L te ka vin Redanmtè a. Li te Sila a nan chapit 5 lan—nan chapit 5 lan. Ki deklare:

E pèsonn nan Syèl la, ni sou tè a, ni anba tè a, pa t ka louvri liv la, ni menm gade ladann.

E mwen te kriye anpil, poutèt yo pa t jwenn pèsonn diy pou louvri Liv la oswa pou li—oswa pou li nan liv la, ni menm pou gade ladann.

E youn nan ansyen yo di m, Piga w kriye: men ni, Lyon tribi Jida a, Desandan David la, te ranpòte vikwa a pou l louvri liv la, epi brize sèt so yo.

Li se Sila, Li se Sila ke n ap cache a.

148 Remake kijan Rit...kijan...ak Naomi, ak Boaz se jis yon imaj pafè. Kijan Naomi nan tan grangou/famin te kite legliz, te kite peyi a, te pati al nan peyi Moabit yo pou abite epi pase yon tan la. Manzè te pèdi tout sa l te posede. E lè l te pati, mari l, Elimelèk, te mouri pandan yo te laba, kifè sa te rann eritaj pa l la echwe a nenpòt ki moun. Lè sa lè nou rive...lè l te retounen, li te mennen bèl jèn Moabit vèv la avè l. E lè Boaz te wè vèv sa a, yon tip Kris, misye te tonbe damou pou li. E li te renmen l. Kidonk, li te oblije rachte l, sèl fason li te ka janm genyen l pou madanm se te rachte sa frè li, Elimelèk, te pèdi a.

149 E konsa lè sa li te mande lòt frè l la si l t ap rachte sa, youn ki te pi pwòch ke li, men li pa t kapab. Kidonk li te desann al bay yon egzanp pafè de lalwa Bondye. Li t al nan pòtay la e li te frape talon soulye l, pou di, “Ke tout moun konnen jodi a ke mwen rachte tout sa Naomi te posede. Tout sa l posede, tout sa Elimelèk (frè mwen) te pèdi, mwen se pi pwòch paran an kounye a, e mwen se sila ki ka rachte l kifè mwen vini pou reklame l. Si gen yon moun isi a ki ka bay yon rezon valab ki di lekòtrè, oswa nenpòt moun pi pwòch pase m, ke yo deklare l.” E tout moun te rete bouch fèmen. Kidonk li te wete soulye l epi li te lanse l pou sèvi kòm

temwayaj, “Mwen rachte tout sa frè nou, Elimelèk, te posede.” Poukisa? Li te yon paran. Li te yon paran redanmtè. O, ala sa bèl! Se yon sitèlman bèl istwa.

150 E alò pandan tout tan sa, Rit te an repo epi ap tann pou dekouvri kijan sa ta pral pase. Lè sa misye te retounen, pèsonn pa t ka bay yon temwayaj kontrè. Li te retounen pou pran Naomi...ak Rit, bèl jèn fi Moabit sa, epi yo te marye e yo te viv nan kad racha sa. Ala yon bèl istwa!

151 Gen twa etap nan istwa Rit la. Rit–Rit, *k ap deside*; li te dwe deside si l t ap pran desizyon an ou non, pou retounen nan peyi l (jis tankou Legliz). Rit, *k ap sèvi*; lè l te soti pou ap ranmase. Rit, *ki an repo*; se sa ke Rit ap fè kounye a (Legliz). Kounye a Rit, ki rekonpanse; bon se kote sa, oswa, pwochen bagay k ap rive (se rekonpans Legliz la).

152 Kounye a, nou pa ka...Mwen pa gen tan, poutèt nou gen yon sèvis batèm e li onzè e ka la. Men petèt n ap reprann li Dimanch pwochen oswa yon lòt Dimanch a lavni, si Seyè a vle. E m ta renmen pran sa la, pou ap montre sèt kòn ak sèt zye sa yo, epi sèt so sa yo egzakteman, sèt ministè, sèt zanj legliz yo, sèt etwal, sè-...O, jis kèk nan sa yo...

153 Epi drèt la lye tout bagay la nèt ansanm. Wi, mesye. “Li te dwe diy,” kifè Jezi diy. Lè l retounen n ap rejwi nou tout bon nan tout plenitud benediksyon redanmsyon an. Moun ki enb yo va eritye tè a. Gason ak fanm ap retounen vin: pitit gason ak pitit fi Bondye. E baleyaj konplè Milenyòm lan va kòmanse. Ala yon bèl bagay!

154 Epi Anj pwisan an ak yon vwa fò, t ap mande, “Kiyès ki diy? Kimoun ki ka fè sa a?”

155 E lè sa ansyen an te di, “Piga w kriye, paske Lyon tribi Jida a, Li diy e Li te ranpòte viktwa a.”

156 “E Li te pran e louvri Liv la pou brize so yo.” Li pa t janm di kisa k te rive ak yo. Lè nou tonbe sou sèt so sa yo ki te louvri nan tout Bib la, obsève sa k te rive. Toudwat nan Liv sèt so sa ke n ap dekouvri kounye a, ou jwenn tout mistè benediksyon redanmsyon Bondye yo nèt. Sonje, Li se Ayo a, Li se sèl Sila ki te rachte sa. Epi, sonje, sa sele sou do Liv la, sa pa ekri alanteryè. Sa sele nan do a, e sa pa ekri anndan l. E Li te sèl Sila ki te ka menm louvri Liv la oswa revele Liv la oubyen revele so yo, sèl Moun ki ka fè l.

157 Kifè sa a se inik bagay, yo ka fè diskisyon konsènan sa la, konsènan kisa l ye, men Li se Sila k ap entèprete L divinman. Poutan nan do a la pa gen pèsonn ki ka fè l. Sa se zafè pa L e Limenm sèl, e Li se Sila ki ka klarifye sèt mistè sa yo. E obsève kijan chak ti detay pote sou redanmsyon, jan Legliz te rachte e kisa redansyon an ap ye.

158 O, annou jis renmen L ak tout kè nou, annou fè tout sa nou kapab.

159 Gen yon sèten ekriven ki t ap ekri yon istwa. (Jis anvan m fini pou retounen sèvis la bay frè Neville.) Èske n ap rejwi nou nan Liv Apokalips la? O, mwen jis renmen sa. Nou te jis pran apeprè twa vèsè ladann maten an, men n ap reprann li ankò. Remake. Nou jis...

160 Yon ekriven t ap ekri yon liv konsènan yon jèn fi ki t ap eseye jwenn Bondye.

161 E anpil fwa n ap kouri dèyè Bondye pou ap chache Bondye, e si Bondye te senpleman tout kote epi ou...Li te gen yon gwo...Ebyen, si L te gen yon gwo gwo tròn ki drese anwo la kèkpa, tout moun t ap kwè nan Bondye lè sa. Si Bondye te chita anwo a sou yon gwo tròn la kèkpa; ap di, "Li chita nan tèl sèten vil e se la Li ye. Sa a se Bondye epi al jwenn Li. Li ka senpleman" [Frè Branham klake dwèt li yo—Editè a] "chanje sa *konsa*," ebyen, tout moun t ap kwè L. Alò lafwa t ap initil. Nou pa t ap bezwen gen ankenn fwa ditou lè sa, ou wè, se t ap sèlman sa. Se sa l ap ye nan Milenyòm, men pou kounye a L ap fè apèl pou ap eseye jwenn sa yo ki...Sa parèt misterye epi sonb, epi, ou pa konn jan pou w fè l. Men pa lafwa nou kwè L! Nou kwè. Se pou rezon sa sa a egziste. Ou konprann sa, Frè Elmer? Ou wè? Sa...

162 Bon, si Bondye te chita sou yon tròn. E te di, "Enben, men Li...la Li...men Bondye. L ap viv anba nan yon plas kèlkonk, n ap desann al la." Pou ap di, "Chè Mesye, Bondye, èske w vle fè sa?"

"Wi, M ap fè l." "Psst!" E sa t ap fèt, ou wè. "Ebyen, natirèlman, sa se Bondye. Ou wè? O la la, nou wè sa." Konsa pa t ap gen ankenn nesesite...lafwa t ap initil. Lafwa pa nesesè lè w nan konkrè.

163 Sa k t ap rive si tout moun nan mond lan te Kretyen? E si tout moun te yon—yon Kretyen ranpli ak Lespri? Enben, nou pa t ap bezwen ankenn fwa ankò, nou pa t ap bezwen ankenn fwa ditou. E lafwa se—se bagay menm k ap sove nou an, se lafwa. E se poutèt rezon sa ke

dwe gen kèk moun ki pa dakò avèk Sa!, pou nou ka egzèse lafwa. Èske nou konprann li kounye a? Ou dwe gen lòt fasad la. Ou wè? Ou dwe gen yon move fanm pou rann yon vrè byen parèt. Ou wè? Dwe gen yon manti pou rann Verite a pozitif epi fè L ap briye tout bon. Si tout bagay te Verite, Sa t ap vin jis tèlman òdinè, ou wè. Ou wè? Men, ou konnen, se yon bagay wayal, se yon bagay reyèl, lè w jwenn Verite ak lafwa e latriye. Bon, men nou.

164 Kounye a, nou oblije gen pou ou kont sa yo. Se konsa sa fonksyone. Ou dwe gen bon jou pou fè w apresye...ou pito move jou pou fè w apresye bon jou yo. Ou dwe gen yon ti maladi pou fè w apresye bòn sante. Ou wè? E ou dwe gen vale yo pou fè w apresye somè montay yo. E konsa youn nan jou sa yo, sa va somè montay sèlman, sa va sèlman lasante, sa va selman Bondye, sa va sèlman lajwa, jis...sa va—sa va sèlman lajwa san fen. Men jiskaske tan sa la, ou wè, nou oblije gen bagay pou ou kont sa

165 Bon, tout moun ki konprann sa di, “Amèn.” [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a]

166 Jèn fi sa t ap di li te eseye jwenn Bondye tout kote l te ale. Li te ale nan legliz *sesi* ak legliz *se/a*, epi ki lòt ankò, men li pa t ka jwenn Li. E yon fwa li te dekouvri, pandan l t ap desann sou wout la, te gen yon vyep ti Nonm aje ki t ap desann, yon ti Kanmarad, e Li te gen tout on gwo pakè tankou katedral la sou do l. Li t ap desann sou wout la. E manzè te di, “O, Bon Moun pa m!” Li te di, “O la la, sa mande W vrèman anpil kouraj,” li te ajoute, “men Ou—Ou—Ou pote tout bagay la nèt sou do W,” li te di, “sa, sa ap krabinen W.”

Li te reponn, “Non sa pap krabinen M,” te di, “paske Mwen se Woche ke yo te bati l sou li a.” Sa se Li.

Annou priye:

167 O Woche Dèzaj, mwen sitèlman kontan pou jis ap galope nan katedral sa, konsyan ke n ap repoze nou sou Woche a. O, Li di, Woche a, “Se pa anyen ke papye.” E alòske Woche a kòmanse ap bouje fè baleyaj ak li, bèl kloche yo kòmanse ap sonnen alenteryè. O Woche Dèzaj, kache nou nan mizèrikòd Ou. Pote nou desann wout la ak kouran lavi pou kè nou ka ranpli ak lajwa ap kleronnen louwanj pou Ou sou tout longè wout la.

168 Nou remèsye W pou vizitasyon sa maten Sentespri a nan Pawòl la, pandan L te rantre pou rann Pawòl la si reyèl pou nou. Padone nou mankman ak tout sa nou te fè oswa di ki te fo, padone nou pou sa. Ede nou pou vin pi bon Kreyen, Bondye Papa. Nou priye ke mizèrikòd Ou rete sou nou.

169 Mwen mande, Seyè, si se volonte W, ke nou ka retounen ankò trè byento pou–pou fini chapit sa yo la epi abòde sèt so sa yo. N ap–n ap antisipe moman sa, Seyè, pou lè Ou–W ap–W ap kite nou fè sa. Epi, Papa, drèt la nan pwòp ti legliz nou nou priye ke W va akòde nou sa, pou nou ka konprann gwo bagay Bondye yo. Pa paske nou merite l, Seyè, men kè afame nou yo ap senyen pou sa. Nou priye ke W va akòde l.

170 Nou priye pou Frè Neville, Seyè, pastè fidèl nou ke Bondye voye a. Nou priye pou li ke W ap ede l epi beni l, limenm ak ti madanm dous li, yon bèl ti bagay, ak timoun piti l yo.

171 Mwen priye ke W va presipite jou ke Jezi ap vini an pou nou tout ap reyini ansanm kote pa p gen ni lajounen ni lannwit ankò, ni tan non plis, sa va anglouti nan Letènite kote nou tout ap kapab ansanm pou tout tan. Akòde l, Seyè.

173 E si ta gen kèk la maten an, Seyè, ki pa konnen W kòm Sovè yo, ke yo vle familiarize avèk Ayo sa Ki kenbe Liv misterye sèt so yo nan men L. Bondye, ke nou familiarize avèk Li konsa a lavni lè n a wè so sa yo brize louvri alò n ap ka wè de kisa Bondye ap pale avèk nou an. Nou mande l pou glwa Bondye, atravè Non Pitit Li, Jezikri.

E pandan nou gen tèt nou bese:

174 Èske yon moun t a di, “Sonje m, Frè Branham, pandan w ap priye, epi di m ta renmen yo sonje m nan lapriyè”? Bondye beni w. Bondye beni w. E Bondye beni w, epi oumenm, e oumenm. Wi. Ke Bondye ka bon pou ou. Wi. Petèt de douzèn men, oubyen plis, ki leve.

175 O Seyè, Ou wè men yo, Ou konn dezi yo. Ou konn kisa ki nan kè yo, mwen pa konnen. Mwen priye ke W va revele yo, Seyè, bonte W ak mizèrikòd Ou. Ba yo padon pou kèlkeswa sa l ye a. Si se maladi, Seyè, geri kò yo e fè yo pòte yo byen. Fè li Papa pandan onksyon Sentespri a nan reyinyon an, sou kongregasyon an kounye a. Ke gwo Bondye Syèl la ka jis

tèlman wenn ke Li va beni tout moun nan Prezans Divin lan, pou nou ka ale kite isi a maten an, ap di, “Èske kè nou pa t ap brile anndan nou?” Akòde l, Seyè.

176 Bon, mwen afebli epi fatige, vwa m pati, epi mwen—mwen jis priye, Bondye, pou pwòp fòs pa m. Èske W vle ede m? Èske W vle fòtifye m? Repare ti blesi anba la, Seyè. Èske W ap fè l souple? Ke Lwil Sen Bondye a penetre la, e nan tout lòt blesi, Seyè, tout kote pou tout moun. Nou vle viv, Seyè, pou Lonè pa W ak glwa Ou. Akòde l. Epi geri malad ak aflije yo tou. Epi—epi glwa pou Tèt pa W, Seyè, paske nou reyalize sa pap pran tan jiskaske nou va...nou pap gen reyinyon sa yo ankò; yo pral fè wout yo, yo va choz nan pase.

177 Kounye a, Papa, beni, kounye a, nou mande tou sa ansanm atravè Non Jezikri.

178 Epi la, Papa, nou vle mande tou ke W sonje sa yo ki pral batize maten an lan Non Seyè Jezi, ke W ap ba yo batèm Sentespri a, gwo glwa ak lonè. Akòde l, Papa. Nou remèt tou sa a Oumenm kounye a.

179 Epi, Papa, avèk tou sa, mwen enkli tèt mwen ladann. Pa bliye m, Seyè, jis ede m kounye a. Mwen priye lan Non Jezi. Amèn.